Sama xeet wépp dinañu dugg àjjana ba mu des ku bañ

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Sama xeet wépp dinañu dugg àjjana ba mu des ku bañ», ñu ne ko ana kan mooy bañ yaw Yónente Yàlla bi? Mu ne: «ku ma topp dugg àjjana ku ma moy nag kooku mooy ki bañ».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne xeetam wéppay dugg àjjana ba mu des ku bañ! Sahaaba yi -yal na leen Yàlla dollee gërëm- ne ko: kan mooy bañ yaw Yónente Yàlla bi?! Mu tontu leen ne leen: képp ku wommatu topp Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dana dugg àjjana, ku ko moy nag te wommatuwul ñeel Sariiha bi kooku moo bañ a dugg àjjana ngir ay jëfam yu bon.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4947